



This e-book was digitized from an original copy by the West African Research Association for the African Language Materials Archive (ALMA) project. Original funding for this project was provided by [UNESCO](#) and the [Council of American Overseas Research Centers \(CAORC\)](#) in cooperation with the [West African Research Association](#) and [Columbia University](#).

Please see the following web sites for more information about the ALMA project, contributing authors, and more titles in the series.

- Digital Library for International Research catalog: <http://catalog.crl.edu/search~S16>
- African Language Materials Archive (ALMA): <http://www.dlir.org/e-books.html>
- African language materials including interviews in video and PDF versions, documentary video, translation work, and bibliographies can be viewed at <http://alma.matrix.msu.edu>.



Centre Africain  
de l'Entrepreneuriat Féminin  
**C.A.E.F.**

Kér Jigen ñyi Yëngatou  
ci Kom-kom ci Afirig  
**K.J.Y.K.A.**

Ambassade Royale  
des Pays-Bas à Dakar  
Sénégal

Makkau Jawriñ Ji Toogal  
Réewum Peyi-Baa ci Ndakaaru  
Senegaal

## **TÉEREB NJÀNGUM YORINU YËNGATU CI WÀLLU KOM-KOM ÑEEL JIGEEN ÑI**



## **TÉERE JÀNGALEKAT BI**

Téereb njang ñeel jigéen ñiy yëngatu ci wallu kom-kom

Téere bi mu ngi soxxeekoo ci téereb BIT ñeel njangum yorinu mebëti  
kom-kom yu ndaw yi (Ent/Man-BIT/Genève 1994).

2<sup>e</sup> EDITION 2000

Centre Africain  
de l'Entrepreneuriat Féminin  
**C.A.E.F.**

Kër Jigen ñyi Yëngatou  
ci Kom-kom ci Afirig  
**K.J.Y.K.A.**

Ambassade Royale  
des Pays-Bas à Dakar  
Sénégal

Màkkaanu Jawriñ Ji Toogal  
Réewum Peyi-Baa ci Ndakaaru  
Senegaal

## TÉEREB NJÀNGUM YORINU YËNGATU CI WÀLLU KOM-KOM ÑEEL JIGEEN ÑI



## TÉERE JÀNGALEKAT BI

Téereb njàng ñeel jigéen ñiy yëngatu ci wallu kom-kom

Téere bi mu ngi soxxeekoo ci téereb BIT ñeel njàngum yorinu mebëti  
kom-kom yu ndaw yi (Ent/Man-BIT/Genève 1994).

2<sup>me</sup> EDITION 2000

# BOPPI TOMB YI TÉERE BI ËMB

	XËT
KÀDDUY NGËRËM	3
LI JIITU WAX JI	5
YOW SUNU MBOKKU JÀNGALEKAT BI	6
DOXALINU NJANGALE MI	7
1. Tëralinu doxalin wi	7
2. Ay feem yuy yombal njangale mi	10
3. Nattinu njangale mi	13
4. Jumtukaay yi njangale mi laaj	14
5. Li nekk ci bliir teere bi	15
<b>WAXTAAN I - LI DOX DIGGANTE JIGÉEN JUY YËNGATU CI KOOM-KOOM</b>	
<b>AK JAMONOON</b>	17
1. Këru koom-koom gi ak nit-ki-ci boppam	21
2. Këru koom-koom ak li dox diggante jigeen jiy yëngatu ci koom-koom ak nekkinam ci jamonoom	22
3. Diggante këru koom-koom ak koom-koom gu yaa gi ko wér	29
<b>WAXTAAN II - JAAYIN</b>	33
1. Gestu ja bi	38
2. Lu waral nga wara gëstu jëkk ja bi ?	39
3. Gëstu ja bi, naka ?	45
4. Ni ñuy jaayé	48
<b>WAXTAAN III - WUTI JIITU-NDEFAR MI AK DEFARIN BI</b>	58
1. Wutum jiwu-ndefar mi	60
1-1 Xamal bu baax ni ngay jënde	60
1-2 Jënd wirgo yu taaru	61
1-3 Doon mbooloo mooy doole	64
1-4 Njëndum leb	66
1-5 Ndencum xaalisu wéyal-liggéey	70
2. Défarin bi	73
2-1 Yoonu defarin bi	75
2-2 Njëgi defarin bi	75
<b>WAXTAAN IV - WOÑÑINNU ALAL AK YORINU XAALIS</b>	79
1. Woññinu alal	83
1-1 Woññinu alal : lu mu ëmb ?	83
1-2 Woññinu alal : lu tax mu war ak lan mooy njariñam ?	85
1-3 Nattefu alal ak woññinu mujjantatalu liggeey	88
2. Yorinn xaalis bi	101
2-1 Leeral xelém yii : njarté, njëng li la mu dikk, njëgu njaay	101
2-2 Xayma njëgu dikk ak njëgu njaay	101
2-3 Taxawal sa njëgu njaay	107
<b>WAXTAAN V - YORINU KËRU KOO-KOOM GI</b>	109
1. Këru koom-koom mooy lan ?	112
2. Yor këru koom-koom lu mu ëmb ?	114
3. Li baatu boroom këru koom-koom ëmb	116
4. Yi gëna raññeeku ci yiy faala daanel këru koom-koom yu ndaw yi	121
5. Yorinu nit ci këru kom-kom gi	123
6. Wut xaalis ngir samp yëngatu jigéen ni ci wàllu koom-koom	125

## ☆☆ KÀDDUY NGÈRËM ☆☆

**L**i nu may nu bind téere bii ba man koo génnee ci Wolof ak Pulaar mooy sukkandiku ci jàppalante bu àntu bi dox diggante **Kéru Jigéen ñiy Yëngatu ci Koom-Koom ci Afirig /K J Y K A (CAEF)** ak **Màkkaanu Jawriñ Ji Toogal Réewum Péyi-Baa ci Ndakaaru**. Moo tax noo ngi seede fii sunu ngérém jém ci Mâkkaanu Péyi-Baa moomu, ngir ndimbal lu takku li mu nu indil ci liggéey bi, te nu raññee ci :

- Ku Mâgg ki, Gerard J.H.C. KRAMER, di Jawriñ Ji Toogal reewum Péyi-Baa ci Ndakaaru/ Senegaal ;
- Marisia PECHACZECK, Ndiig lu Jékk ci Mâkkaanu Réewum Péyi-Baa ci Ndakaaru ;
- ak Ummu Xayri ÑAÑ, di Boroom Xam-xam ak Xelalkat ci fànnu Jigéen ak Yokkuté ci Mâkkaa-nu Reewum Péyi-Baa.

Nu fàttali ne téere bii mi ngi soxxeekoo ci xalaat bi K.J.Y.K.A (C.A.E.F.) am ngir fexe ba jigéeni Afirig, rawatina y Senegaal, mana jariñoo liggeéy yu am solo yi B.I.T amal jémale ci jàppale yëngatuy koom-koom yu ndaw yi. Nu ngi gérém bu baaax, ci loolu, **Banxxaas biy Toppatoo Yokkuteg Kéri koom-koom yeek Koppe yi ca BIT**. Rawatina Kees Van deer Ree, ENT/MAN/BIT/Genève ngir jàppale ak ndimbal gu mu indil K.J.Y.K.A (C.A.E.F.)

Téere bi nak bu juddoo dafa fekk mu nekk liggéey bu am mbooloo séxx, ku ci nekk def ci loxoom. Koon noo ngi gérém tam it nit ñépp ñi ci jot a jàpp, te nu raññee ci :

- Rosali Njaay Loo, Mayram Won ak Aamidu Ja, doon ay jàngalekat ca K.J.Y.K.A. (C.A.E.F.) ;
- Majéey Mbóoj ak Xadi Fay ñi tekki téere bi ci wolof ;
- Malal Gise ak Binta Jallo ñi tekki téere bi ci Pulaar ;
- Mustafaa Njaay ak Séynabu Jóob ñi def nataal yi ;
- Salimata Dukure, di jàppalekatu K.J.Y.K.A. (C.A.E.F.) ci wàllu gëstu ;
- ak Mari Ñañ di jàppalekatu K.J.Y.K.A (C.A.E.F.) ci wàllu caytug kér gi.

Am na ñeneen ñu nu baaxe ay xalaat, seetlu ak fànn yu am solo ngir gën a baaxal téere bi, muy ci suux mbaa ci melo, te nu man cee tudd :

- Jawrinu Réewum Senegaal bi yore Mbiru Jigéen, Njaboot ak Gune ;
- Jawrinu Réewum Senegaal bi Yoré Mbiru Njang mu Suufe mi ak Lâkki Réew mi ;

- Amadu Aaj, Njiitu C.I.E.D/Snégaal (Kuréelu Weccoo Xam-xam Réewo-réew ci wàllu Yokkuté - KWXRYY)
- Mayram Dem, Xelalkat ca Kuréelu Lékkale Bàngaasi OXFAM/Grande Bretagne ci diiwaanu Afrig/Ndakaru.

Ni nu ko waxe ci kow, téere bi da fa sukkandiku ci téere bu BIT/ENT/MAN bind, nu dugal ci nak sunu xalaat ngir fexe mu méngook sunu nekkin, gën a baax walla sax romb fa mu xosaanoo. Ci biir loolu, noo ngi sâkku ci yéen ngéen baaxe nu bépp gis-gis, bépp xalaat ak seetlu bu ngéen yaakaar ne man na indi ngëneel ak yook njariñu téere bi ci biir jéfin ak yorinu yéngatuy jiggéen ñi ci wàllu koom-koom.

Ndkaaru, Sanwiye 1998

**XADIJA DUKURE,**  
Xam-xamam màcc ci yorin  
ak yokkutey kéri koom-koom,  
di Njiitu K.J.Y.K.A. (C.A.E.F.)

☆☆ LU JIITU WAX JI ☆☆

**J**igéen ñi am nañu cér bu kenn werantewul ci yëngatug koom-koom gi des a dëppook térélinu yoon, muy feeñ ci séen taxawaay bu takku, séen xel mu rafet, séen ngëm ak séen pasteef ngir fexe saa su nekk jël séen alal ak séen ñaxx tåbbal ko ci lepp luy jariñ njaboot gi. Ci biir Afrigu Sowu jant, ci xayma, wällu jigéen ñi ci biir yëngatug koom-koom gi des a dëppook térélinu yoo tollu na ci 70/100.

Fii ci Senegaal, ñi ëpp ci jigéen ñiy yëngatu ci xeetu koom-koom googu, jàngu ñu te ñi ngiy jankoontæk jafe jafe yu sax yuy gàllankoor séen yokkuteg cér ak taxawaay ci biir koom-koom bi. Ak lu ñu dogu-dogu, mbaa sawar a liggéey ay waxtooki waxtu, njariñ la mu léen di jural du mana rëy. Am-am bi ñuy jèle ci seén yëngatu yooyu lu néew la boo koy nattableek diisaayu coono yi ñuy daj. Ci jafe-jafe yi y gàllankoor séen ndam, ñàkkum njangan yorin bokk na ci ya ca gena fés. Kureel yi taxaw, at yu mujj yii yépp ngir saafara doyadi googu, bokk na ci li nasaxal séen liggéey, ñàkkum téere ak jumtukaayu njàngalem yorin ñeel jigéen yi yëngatu ci koom-koom.

Ci loolu nak, téere bii tudd **Téereb Njàngum Yorinu Yengëtu ci Wàllu Kom-kom** ñeel **Jigéen** ñi nekk na lu soxal bu baax a baax jigéeni Senegaal yi yëngatu ci koom-koom ak kureel yi taxaw jonn ngir dooleel léen. Téereb bi C.A.E.F maanaa Këru Jigéen ñiy Yëngatu ci Koom-Koom ci Afrig (K.J.Y.K.A.) moo ko génnee ci ndimbalu Mákkaanu Jawriñ ji Toogal Réewum Péyi-Baa ci Ndakaru, émb na fànn yépp ci wàllu yorinu këru koom-koom gu ndawndawaan, tey leeral jéego yépp yi njängalem yorin wara laal. Li tâmbalee ci wàllu yorinu xaalis ak woññinu alal jaar ci faram-fâcce yeneen banxxaas yi, téere bi bàyyiwul dara gannaaw. Doxalinu njàngale mi da fa sukkandikku ci wone jàppalante gi dox diggante cér yépp ak ci faydaal kàddug njàngaan yi ngir ci biir njàng mi, jigéen ñi mana mokkal bu baax fàan yépp yi léen soxal ci wàllu tèddin ak yorinu séen yëngatuy koom-koom.

Téereb bii K.J.Y.K.A.(C.A.E.F.) génnee na ko ci lakk Pulaar, Wolof ak Farañse, baaxe ko jängalekat yi jigéen yi ak ñiy liggeey ci yokkuteg koom-koom te jäppoo bu baax ak jigéen ñiy yëgatu ci wällu meññal ndefar mbaa njënd ak njaay. Li gën a yokk ñu génnee téere bi ci ñaari lakk réew mi, mooy fekksi ak tontu soxla bu jigéen ñi waxal séen bopp ca fa ñu nekk.

Li ma wòor mooy ne, téere bii fi mu ñëwe la baaxe, mu tollook jamono boo xamm ne kuréel yeek jigéen ñi ci séen bopp ñi ngi wut a dooleel séen man-man ci wàllu yorinu këru koom-koom. Moo tax di na doon jumtukaay bu am solo ngir bépp jànpalekat ci wàll woowu. Wóor na ma tamit ne rér ak taxawaayu jigéeni Senegal ci biir yëngatuy koom-koom yi nar na gën a yokku. Koon njang mu jóog, mëngook soxlay njàngaan yi muy diir manuta nekk leneen lu dul sukkandikukaayu ndam ak naatangeg óund gu mat. Ci kow loolu, jigéen yi yëngatu ci koom-koom, féek ñi ngi gën a jàng ak di gën a gannaayu, di nañu gën a dëgér ak njaxlaf ci jëmal kanam séen taxawaay ci biir koom-koom gi.

Li may jeexale mooy, gëm naa ne bépp alal bu jëm ci suxxali jigéen ñi nekk na itam njariñu yokkutem réew mi.

GERARD J. H. C KRAMER  
Jawrin Ji Toogal Réewum  
Péyi-Baa ci Ndakaaru/Senegaal

## **YOW SUNU MBOKKU JÀNGALEKAT BI**

Yaa ngi tiye ci say loxo ab téeré bu ëmb ay tektal ci njàngalem yorin mu nu jagleel jigéen yuy liggeey ci ay yëgatu yu ndaw ci wàllu koom-koom. Yaa wara seet nak naka ngay jélé waxtaan yéek nettali yi ci biir nga méngale léen ak li sa gox ak ñi fi dëkk di dund. Nga doon ku yàgg ci njànale mi walla ku ciy door, téeré bii da lay xelal, di la yombalal bu baax sa liggeeyu jàngalekat.

Li ëpp solo ci li yekkati téeré bi, mooy jéem laa gindi ci mbirum njàngale mi, rawati ci fan yii: anam yi lal njàngale mi, ay càkkutéef am, doxalin wi ak yenn jumtukaay yi. Sunu yéene mooy jébbal léen ay pexe yu léen di yombalal bu baax séenum njàngale. Boo dee benn-bennal, da nga gis ne waxtan wu nekk ci njàng mi dafa ëmb soloy boppam ak jumtukaay i jàngale yi mu laaj, loolu lépp doon ay matukaay yu ngéen mana nemmeeku bu baax balaa ngéen taxawal ab jataayu njàng. Naam sax téeré bi moom, joxe ay tektal rekk la ittéwoo, koon terewul benn yoon ngéen di nàccal séen xel, xanaa kay da léen di jéema yombalal seen liggeey, jéem léen a teg ci yoon wu koy jëmale kanam. Li wóor moom mooy ne jigéen yiy liggeey ci yëngatu yu ndaw ci wàllu koom-koom di nañu fésal ñoom fànn yi léen gën a soxal ci biir njàng mi : moo tax tèralinu waxtaan wu ci nekk, warna méngoo bu baax a baax ak soxla yu mändargawu yooyu. Nu baamtuwaat ne masalan yi ci téere bi nekkuñu ludul ay tektal yu wara dundal séentùm njàngale ci kow di ko méngaléek nekkina jàngkat yi. Sañ ngéen, ci lu wér, fent ay nettali walla waxloo njàngaan yi teew ngir nettali ku ci nekk sa ay jaar-jaar ci biir jamono jëm ci yëngatu ci wàllu koom-koom.

Doxalinu jataayu njàng mu ci nekk, danu koo tèral ne ab diisoo diggante jàngalekat beek njàngaan bi : li tax nu taamu doxalin woowu mooy dëggal ne njàng mi weccoo xalaat la. Ci biir diisoo boobu la nuy dugal nataal yi, géewal yi, maye yéek yeneen nettali yu nu tibbé ci nekkina nit ñi. Naka noonu, nataal yi nu wone ci téere bi, dañuy junj rekk, boole kook am ñaari njariñ yii: yokk cawarteg njàngaan yi ngir waxtani wi jax, ak fésal xam-xam walla xibaar ci biir njàngum yorin mi nu bëgg jottali njàngaan yi.

Ci biir njàngale mi, nar ngéen a weccantey xalaat ci fàñ yu bare te wuute yu jàppalante ak waxtaan yi nu junj ci téeré bi. Séenub sas yombul naam, wànte am nanu yaakaar ne di ngéen mana suuxat diisoo bi war séen digganteek njàngaan yi.

Ci biir loolu, nataal yi, nettali yi ak kaf yu reetaanloo yi nekk nañu ay feem yu nu taamu ci biir njàngale mi.

Koon book téeré baa ngi noonu ci say loxo: sa yàgg-jëf ak jumtukaay yi ñu teg ci say loxo ñoo nara tèral yoon wi nga ko nara jëfandikoo.

**Kuréelu bindkat yi**

## I. DOXALINU NJANGALE MI

### A - Téralinu doxalin wi

Li nuy wonne fii mooy aw doxalin ci njàngalem yorin mu suufe mu nu jagleel ñi yore ay kéri koom-koom, rawatina jigéen yi sóobu ci yëngatuy koom-koom yuy meññal alal, muy ci njënd ak njaay walla ci bépp xeetu ndefar. Yooyu yëngatu nak jigéen yaa ngi léen di amal ci kow bopp-sa-bopp, walla ci sa turu waa kér, walla book ci turu mbooloom jigéen, kuréel, koppe, poroose, ans.

Jigéen ñoonu ñi ci ëpp jàngu ñu walla séenum njàng sorewul, moo tax doxalinu njàngale mii da fay sukkandiku ci jef gis ak bokk jém-kanam, tey lambook jumtukaayi njàngale yu ñu téral ba man cee jaarale ay xibaar ak xam-xam yu xóotul lool ci wàllu yorin.

Ci noonu koon, doxalin wi sunu jàngalekat yi di sukkandiku saa su nekk mooy doxalinu njàngalem mag, te mu lalu ci ñeent fànn yi :

- ❖ jàngale ci lakk réew mi ñuy lakk ci gox bi te njàngaan yépp dégg ko ;
- ❖ sukkandiku ci jef-gis ak bokk jém-kanam te lámbook jumtukaayi njàngale yu mégnoock jikko, cosaan ak koom-koom yi nit ñuy dund ci gox bi (nataal, powum-géew, powum-misaal, jémantu bopp-sa-bopp walla ci mbooloo, luñtu mbir, jémantu ci biir ay mbooloo, yu ndaw...) ;
- ❖ jiital xam-xamu yàgg-jéf , di xiir ci weccoo xam-xamu yàgg-jéff ak génneendoo pexe yi y saafara jafe-jafe yi nuy jàankoonteel ;
- ❖ fexe ba ñi teew ñépp bokk ci waxtaan wi, ci kow bokkankoo nemmeeku yéf yu yees yi, déggéral yu mokk yi ak jariñoo xam-xam bi.

### B - Njàngale mi, yoonu jokkalantey-xibaar la

Jataayu njàng mu nu jagleel jigéen yuy liggeey ci yëngatu yu ndax ci wàllu koom-koom nekk na aw yoonu jokkalantey-xibaar la diggante jàngalekat bi ak njàngaan yi ci loo xam ne kenn ku ci nekk da ngay joxe di jél, di jàngale di jàng, koon yoon woowu dafay faral di doon yoon wuy fénqale ay gis-gis, yoonu weccantey xam-xam ak i jéf, bu nekk di suuxat ak yokk sa moroom ci biir riisonte, loolu lépp lalu ci dégg gu wér gi naan: **nit ku nekk am na lu mu mana jàng ci moroomu nitam**. Moo tax nu wara faydaal bu baax ci yoon woowu li njàngaan yi ci séen bopp di indi ci biir njàng mi, ndax loolu sax man na tolloo walla ëpp solo li ngay duggal, yow jàngalekat bi, te moom nga wara gëna fésal ci biir njàng mi.

Làkku réew mi nuy jéfandikoo te mu nekk it làkku gox bi dina yombalal njàngaan nuy jél kàddu gi di bokk bu baax di joxe séen xalaat ci mbir yek lèj-lèj yi nuy waxtaane. Nu yokk ci tamit ne njàngaan yu jigéen yooyu dañoo fees dell ak xam-xamu yàgg-jéf bu jàppandi te am solo bu ñu wara fésal. Jottalante xam-xam ci noonu dafay jaar ci biir diisoo diggante yow jàngalekat bi ak ñoom njàngaan yi. Jokkalantey-xibaar mooy yoon wi lal njàngum jumtukaayi yorinu yëngatu yu ndax ci wàllu koom-koom, rawatina njàng mu ittéel nit ñu jotuta sore ci lekool.

## C • Njàngaan yi

Ci yoon, téere bii ak doxalinu njàngale bi mu làmboo dees leén a sos jémale ci mbooloomu mändargawu : ay jigéen yu jàngul walla yu séen njàng sorewul, ñu soobu ci ay yëngatuy koom-koom yuy meññal alal, muy séen yëfi bopp walla muy lu ay mbootaay ség, koppe mbaa poroose.

Moo tax bu nu bëggee jataayu mbooloom njàngaan yi tegu ci yoon, dina am solo ñu bàyyi xel ci ñaari fànn yi :

- ❖ boole ay njàngaan yu mana ànd ;
  - ❖ yemale limu njàngaan yi.
- **BOOLE ÑU MANA AND** : jàngaan yi dañu wara méngook mändarga yi nu séenu ci ñoom, koon nonu fexe bay boole ñu maase, mana ànd ngir yombal ci séenn biir weccoo xalaat ak xam-xam ba weccee boobu mana jariñ kenn ku nekk ;
- **LIMU NJÀNGAAN YI** : ci tektal, lim bi manna tollu ci 15 mbaa 20 gën jaa bare 25 njàngaan, loolu ngir njàngalé mi mana jàppandi te dëgér, ndax li nu seetlu mooy ne bu limu njàngaan yi jéggee dayoo, dafay jur ay rëq-rëq ci jataayu mbolooloo mi, te sàmmoontéek kàttanu liggéeyu mbooloo mi nekk na lu am solo ci doxalinu njàngalemi.

Wante nak li ëpp solo mooy ne jàngalekat biy waajal njàng mi moom moo mana xam limu njàngaan bi gëna jaa du, méngoo ak jumtukaay ak matukaay yi ñu teg ci loxoom ngir mu man cee doxal njàng mi ci diir ba ñu jàpp

Bu fekkee ne njàng mu ñu jagleel mbootaay walla kuréelu jigeén la, du yàxx dara manees nao wax saw ne diglé nanu koci yenn jataay yi ñienn nuy liggéey ci kuréel mbaa poroose biy jàppale jigéen ñooñ ñëw teew ci njàng mi, na lekk rek bu ñu ëpp 1 liggéey kat/8 njàngaan.

## D . Jàngalekat yi

Ci li ëpp ci jataayi njàng yu melni, ay jànngalekat yu jigeén la ñu koy farala dénk ndax ñoom ñoo gënna mana wax ak jigéen yi yoré yengatu koom-koom yu desa dëppook têrulinu yoon. Wanté dara daxxul jàngalekat bu góor def liggeey bi naka nàttangoom bu jigéen bi walla sax gën ko koo man, mi ngi aju rek ci mändargay yenn jataay yi walla yenn xeeti njàngaan yi. Moo tax li jara jäpp mooy ne dogalkat bi woote jataayu njàng mi moo wara xàll yoon wi te tann jëmm ji gëna méngook li muy séenu ci jàngalekat.

Ci li nu seetlu, ñetti xeeti jàngalekat yii ñoo am :

- Ay way-yëngatu ci koom-koom yu ñëw nekk jàngalekat :** ak ñu mel noonu, njàng mi leeg-leeg du àntu ndax du caagéen ne képp kuy farala jëf ak yëngu ci wàllu yorin rek war nga koo mana jàngalé ba di ci jottale xam-xam ci anam yu wér. Du ñakk nak ci ñoom ñu ko man, wante barewu ñu. Way-yëngatu ci koom-koom yi manees na leéna teewloo ci jataayi njàng yi ngir ñu indi seede ak firnde ci séen jaar-jaari bopp walla wone séen gis-gisu yàgg- jëfkat ci yenn fànni njang mi.
- Jàngkati iniwersite yi :** am nañu xam-xam bu ñaw ci yorin, mokkal nañu xelëmb yi ak yooni njàngalemi, wante séen tollu- tollu xel dafay sorewoo lool ak bu njàngaan yi te ñi ëpp ci ñoom amu ñu xam-xamu jëf bu takku ci wàllu doxinu kéri koom-koom yu ndaw-ndawaan, moo tax séen yenn faram-facce dafay sore lool, leeg-leeg, ak li ittéel jigéen yi yëngatu ci koom-koom.
- Diggante ñaari cat yooyu,** man nanoo jéema raññee jëmmu jàngalekat bi nu soxla. Taamu nanu mu doon jigéen terewul nak ne am na ay góor yu mana def liggeey bi ba géenn ci gënnin wu rafet. Jàngalekat bu jigéen boobu war na nekk yàgg- jëfkat, war na am at yu tax mu nekk nit ku ñu nongoo gëm (gën jaa néew 35 at). Am njàngam man naa baña sore lool, na digg-dòomu wante na mokkal bu baax lakk wi walla lakk yi ci gox bi te ñu ciy amale njàngale mi ngir yombal jottalantey xibaar digganteem ak njàngaan yi.

Taamu nano ci moom yi jikko yu rafet, bokk naci yi : mana deglu, mana xelal ak gindi, am yar ak teggin. War na nekk it ku xel am di nàcc bu baxx ngir fexe ba njàngaan yi am cawarte ak péex diiru jataay bi yëpp : ngir loolu nak fàww mu am ay ñe la joom bay man reeloo mbaa féexal xol yi saa su ko laaje ci jataay bi.

Li nuy mujja fésal nak mooy ne bu nu bëggee doxalinu njàngle mi sax fi ba ñellëg, dina am soloo lool jàngalekat yi-jigéen ak góor-nekk ñu man topp ak xelal way-yëngatu ci koom-koom yi ci kow ku ci nekk la mu soxla ca bérëbu liggeey am, ndax njàngale mi kese doyyatul, tekat njàngale mu àntu sax mooy miy xiir njàngaan yi ci laaj ñu yokkal léen yeneen jataayi njàng ak ci laaj ñu léen di topp ak xelal ci wàllu yorin.

## **II. AY FEEM YUY YOMBAL NJÀNGALE MI**

Ci xët bii, danuy déllusi ci feem yi ëpp solo ci njàngale mi yiy yombal ak di gunge jokkalantey-xibaar bi nekk yoon wi lal doxalinu njàng mi. Ci sunu gis-gis feem yooyu ñooy :

- ❖ nataal yi
- ❖ powum-géew yi walla powum-misaal
- ❖ faram-fâcce ak sottante xalaat
- ❖ yeneen feem yu ni mel.

### **A - Nataal yi**

Nooy feem bi ëpp doole ci sunu doxalin wi. Ni ngi léen di tibbé ci nekkin wi njàngaan yi di dund bés bu nekk.

Def nanu ci coono bu mat sëkk ngir nataal yi nu bind mana méngook ni dundin ak cosaanu njàngaan yu jigéen yi nuy yóotu bindoo, maanaa ay jigéen yuy liggeey ci yëngatu yu ndaw ci wàllu koom-koom, jigéen yu séen njàng sorewul, yu séen yëngatu des a wéy ci tëralinu yoon.

Loolu moo tax ba nataal yi ak yeneen misaal yu nu bind ak yiy ànd ak ñoom (mel ne: yéré, musóor, bindu nit, méccé walla liggeey) dañuy wéttali jataayi njàngum yorin mi te danu léen di tibbé ci nekkin wi nit ñi di dund bés bu nekk. Noonu nu léeen di fente ak di léen méngaleek nekkinu gox yi dafa léen di sol doole ju dëggu ak kàttanu wootal ci kanami jigéen yu jàngul walla yu séen njàng sorewul, ndax njàngaan bi ci nekk dafay daldi mana gis boppam ci biir li nataal bi bëgg wone.

Nataal bu ci nekk ëmb na ab xibaar bu jàppandi ci wàllu yorinu këru koom-koom, ni ñu koy jéfandikoo nak dafa laaj tekk ak teey, rawatina ci njàng mu jém ci ay nit ñu miinul jariñoo ay nataal.

Gannaaw bépp misalu mbind, am na xibaar bu fa làqu, walla ab xam-xam, ab xalaat, aw ñall walla aw xall yu nu wara feeñal ndànk-ndànk, di léen faram-fâcce, di léen leeral. Nataal bi dafay jur waxtaan ak weccantey xalaat. Nataal yi dañuy méngook nekkin, cosaan ak jamono yi gox yi di dund, du ñuy nàccaloo séen xel yéen jàngalekat yi ak njàngaan yi, di léen ubbil yeneen pexe ci doxalin wi; koon nataal yi dañuy yokk bu baax séen kàttanu nàcc ak fent. Bu fekkee ne nataal yi dañuy nettali benn xew-xew bu mai ñu móol ko ci ab téeréb nataal, dañu lay yombalal nga saxal ak dundal xam-xam ci njàngaan yi.

Su loolu weesoo, nataal tamit nekk nañu tomb bu nu mana sukkandiku ngir tåbbal powum misaal ak pøwum géew ci biir njàng mi.

## **B - Powum misaal walla powum géew**

Ci biir ni nuy doxale njàngale mi, di na sax jafe nu tann benn ci baat yii : powum misaal, teyaatar, junj-teyaatar, powum géew. Wànte feem boo ci jél rekk, da nga ca fekk reetaan, artu, fentu jóoni-jóoni, ñàkkum-waaj ak taxawaayu mbooloo mu sawar. Powum misaal walla powum géew li mu gën a laaj mooy kàttanu nàcc ak fent ci wàllu njàngaan yi, moo tax bàyyi léen ñu defe ni ñu gise. Yàgg nanu seetlu ne saa yu jàngalekat bi wonee ab nataal walla leeral ak bind tèralinu xew-xew, ba daneel di laaj ni mu ko baaxo : «*Lan ngéen gis fii ?*», ci saa si ñaar ba ñetti njàngaan jòg nañu xaat taxaw tâmbale di teyaatar li ñu gis. Li war foofu moom, mooy jañ léen boolekook di fésal xibaar bi natal bi sasoo jottali ci wàllum yorin.

Am na solo koon nu joxoñ taxawaay bu am maanaa bi jàngalekat bi wara taxaw ngir moytul njàng mi bépp saaraan ; moom moo wara indiwaat ñépp ci waxtaan wi saa yu ko laajee, jàppale njàngaan yi ci tèral powum géew mi ak ràññee jàppaloo gi dox diggante po moomu ak lii di xalaateef ak jéf ci wàllu yorin. Powum misaal walla powum géew nekk nañu ci lu wér ay pexe yooy fésale ak def moomeel xalaateef ak jéfin yi nga jàng, jaárale ko ci junj-teyaatar walla teyaatar te di ci sàkku jottali ab xibaaru njàng ci kow reetan ak cawarteg mbooloom njàngaan yi.

## **C - Faram-fàcce ak sottantey xalaat**

Ngir ubbi aw waxtaanu njàng, jàngalekat bi di na soxla di def ay faram-fàcce yu gât yu sukkandiku ci xam-xami njàngaan yi, loolu ngir sàmmoontéek doxalin wi laaj bokkandoo jém kanam.

Diggante tamit ab nataal ak menn powum géew walla waxtaanu sottantey xalaat, faww jàngalekat bi wara déllóosi ñépp ci yoon wi, leeral wax ji, tènk ko te wone nees koy jéfandikoo : ci waxtu yooyu, faram-fàcce ak sottantey xalaat di nañu doon jumtukaay yu jàppandi yu mana likkale jataay yi.

Man nga tamit jéema tènk waxtaan wi ci luy niróok ab nettali bu ñu mana wone ci powum géew : loolu nekk na manin wu xumb wuy gën a yombal njàppum xam-xam bi.

## **D - Yeneen saf-safal ci biir njàngale mi**

### **■ REETAN**

Nataal yi, powum misaal mi rawatina nettali yeek maye yi, li léen wara lal jékk mooy yootu féexal xoli njàngaan yi, dalal séen xel balaa ñuy door jàng mi. Ngir loolu nak, reetaan nekk na ngànnay gu am solo ci biir ni ngay jariñoo feemi njàngale yooyu. Reetaan, muy bu ñu waajal walla bu ñu waajalul, dafay ubbi kanam yeek xoli njàngaan yi, ñoom ñiy faral di yegsi ci jataay bi ak kanam gu têju ak tiitange, te loolu man na tiyée walla naj séen xel.

### ► BAAMTU WALLA WAX WAXAAT

Baamtu nekkna pexe mu am solo ci biir njàngale mi, dafay yombalal njàngaan yi ñuy jàpp waxtaan yeek xalaat yi bu jàngalekat bi dee farala baamtu ay waxam diko booleek di wax naan : " **déglu leén ma bu baax té jàpp bu baak lii may wax** ", njàngaan yi dañiy yabu ci ubbi bu baw séeni nopp ba mana jàpp ci ne mu gëne li nu leén di déktal.

Natt yi nuy farala mujj def balaa nuy tēj jataayi njàng yi dañiy firndeel ne bokk na ci li njàngaan yi gëna sopp baamtu ak fattali ci bés bi lu ñu jàngoon démb, maanaam suba su nekk 2, mba 3 walla 4 njàngaan dañuy baaxoo tēnk la ñu jàngoon démb déktal ko ñeneen ñi ; bu ka defee, kenn ku bëgg di na ci wax xalaatam mbaa indi laajam, loolu lëpp nak di na may jàngalekat bi mu wóorliku ba xam xibaar yeek njàng mi dugg nañu bu baax am déet.

### ► JËFANDIKOO LÉEBU AK MAYE :

Léebu tamit nekk nañu yeneen pexe yu nu mana sukkandiku ci njàngale mi ngir yombalal njàngaan yi ñuy jàpp xalaat yeek njàng mi. Maye yi dañuy farala nekk lu reetaanlu, te neex nañoo méngalek nekkin ak tollu-tollu njàngaan yi wanté pexe yooyu laaj nañu ci jàngalekat bi mu mokkat li miy def ngir moytu ay dégg-dégg ak ay gis-gis yu jaaduwul ci leebu yooyu mbaa maye.

### ► SÀMMOONTEEK YORINU JOT GI AK WAXTU WI :

Loolu neek na mbir mu solowu mu jàngalekat bi wara mokkal : lëpp liy duug ci biir njàng mi dafa laaj nu tas ko ci waxtu yi ci anam yu jaar yoon. Muy powum-misaal mbaa powum yéew mbaa reeloo dees koy roof digganté ñaari saa yu teeñ mbaa jafe. Xew-xew bu nekk ci njàng mi dafa wara am waxtoom ci biir jotaay bi.

Bu jàngalekat bit naree jeexal waxtaann té waxtu wi jotagul, warna gànnaayoo ben xew-xew walla maye walla tombu weccoo-xalaat bu mu mana sulli. Bu dee safaan bee ko dal, maanaam li des ci waxtu wi xat, faww mu mana nàccal xelam ba man cee génn : gàttal fànn yi des ci waxtaan wi mbaa boole yenn yi mana ànd. Ak lu mu ci mana def nak ci coppite ak jekk-jekkal, jàngalekat bi na fexe ba baña lor mbaa làggal doxalin ak tèralinu njàng mi.

Nu yokk ci ne yor ci wetam montar bu kay won woxtu yi ci lu leer neek na jumtukaay bu bépp jàngalékat wara fonk.

### **III. NATTINU NJÀNGALE MI**

Doxalinu njàngale mi ëmb na tamit sasu natt njàngaan yi balaa ñuy tâmbale jataay bi, bu ñu ci sóoboo ak bu ñu jeexalee.

#### **A. Balaa njàng mi door**

Nattin wi ci jamono jooju dafa lay may nga mana ràññee soxlay njàngaan yi ba mana jël say matuwaay.

#### **B. Nattin ak yóobbante-tontu**

##### **☆ NATTIN WI CI BIIR JATAAYU NJÀNG MI**

Nattin woowu man na am saa su nekk ci biir jataayu jottalante xam-xam bi; di na la may nga mana jubbanti bëpp njuumte ci saa si mu feeñe: njuumte ci li nataal yi wund, ay lënt-lënt ci firim xelëmb yu yees. Li wôor mooy, nattin wu jara fonk a noonu, wu lay jox ay tontu yooy mana sukkandiku ngir méngale soloy waxtaan wi, gaawaayam ak waxin wi ak tollu-tollu njàngaan yi.

Bés bu nekk, ngir téj bés bi ak waajal ëllék sa, di na jaadu nga ténk, leeral ba natt dégg-dégg bi ak jubbanti su fekkee ne mbir mi des na leer ci mbooloo mi walla moom mu bëgg jàdd. Natt boobu war na saa su nekk: boo jeexalee aw waxtaan, walla nga jeexal jataayu bés bi ak ci bëpp wactu ci biir njàng mi. Boo nemmekoo ne njàngaan yaa ngi tâmbale di am ay jafe-jafe, bul fâtte ne, ni nu waxe sanq, nettali yi, nataal yi, powum géew mi nekk nañu luy féexal xol yi boole kook di yombal woyofteef ak njàppum xam-xam yi naroon a jafe tiyee lu moy feem yooyu.

##### **☆ NATTIN WI GINNAAW BU NJÀNGALE MI YEGGEE**

Nattin woowu dina la may ngay fésal fânn yu leer yi ak yi des a leer ba nga mana baamtuwaat bu baax fânn yooyu des a leer. Nattin woowu ginnaaw bu njàngale mi yeggee di na xool li njàng mi ëmb, ni njàngale mi deme ak jumtukaay yi, lépp doon ay fânn yoo wara mana sukkandiku ngir gëna baaxal jataayi njàng yi yiy topp.

##### **☆ NATTIN WI ÑUY AMAL AY WEERI-WEER GINNAAW BU NJÀNG MI WEESOO**

Nattin woowu moo la wara may nga xayma naka la njàng mi awoo ci njàngaan yi : ngir loolu mana nekk, fâww jàngalekat bi têral aw yoon ngir topp ak jàppale njàngaan yi ci séen liggéey. Nattin woowu dina xool ñetti fânn yi :

- ❖ ci wàllu soppi xam-xam yi: maanaam soppi jëfin yeek jikko yi, yokk man-man yi ci wàllu yaxanal, wone sam njaay...
- ❖ ci wàllu mokkal ak jariñoo jumtukaayi yi, pexe yi ak xelëmb yi feeñ ci njàng mi : yu mel ne têddinu téere woññinu alal, wâññi bor yi la njëndkat yi yoreel, yokk yëngatu yi ñu bare te wuute.
- ❖ ci wàllu ndam yi ci biir liggéey bi: yokk sam njaay, yokk say jëndkat, rafetal sa ndefar ak sa liggéey, ful bu baax say bonofis.

## **IV. JUMTUKAAY YI NJANGALE MI LAAJ**

Li nuy mujj wax fii mooy jumtukaay yi njangale mi laaj : ci loolu, yow yaa yellow nas ak ternal-jékk bépp yéngu-yéngu balaa njang mi door, bu tambalee ak bu demee ba jeex : muy toppatoo kérú jatayu njang mi, seeti kilifa yi, nemmeeku jumtukaayi, liggeey yi teew, dale ci giiru waajtaay ba ci réyal nataal yi, séddale waxtaan yi ci bési njang mi ak dajale yenn jumtukaayu njang yu sew yu mel ne bindukaay, kare, tablo, a.n.s...

Sa liggeey yow jängalekat bi du nekk lu yomb te du ñakk ay xalaat yu bare yu nara ñew sa xel, jém ci nas ak ternal-jékk mboolem njangale mi ak li ci ginnaawam, walla jém ci kättanu am-am bi ak pexe yi nga wara lal ci tàng-tàng bi.



## V. LI NEKK CI BIIR TÉERE BI

Téer bii jumtukaayu jängale la bu ténu ci juróomi waxtaan, bu ci nekk émb ay tomb yu ko mändargaaal.

- WAXTAAN IEEL : JIGÉEN JIY YËNGATU CI KOOM-KOOM AK LIKO WËR
- WAXTAAN IIIEE : JAAYIN
- WAXTAAN IIIEL : WUTI JIITU-NDEFAR YI AK DEFARIN BI
- WAXTAAN IVEEL : WOÑÑINU ALAL AK YORINU XAALIS
- WAXTAAN VEEL : YORINU KËRU KOOM-KOOM GI.

❖ Waxtaan wii «**Jigéen jiy yëngatu ci koom-koom ak liko wér**» dafay wone nekkinu këru koom-koom gi ci biir jamono ak xalaatin yi ko wér, te dafay may njangaan yi ñu sulli li léen soxal. Dafay wone tamit ñaari taxawaay yiy mändargaal jigéen jiy yëngatu ci koom-koom ci këru koom-koom gi ak ci njaboot gi, di leeral nu mu wara teqatle alalu këru koom-koom gi ak alalu boppam.

❖ Waxtaan wi ci topp «**jaayin**» li muy yóotu mooy xamal njangaan yi ay pexe yu wuute ak dugai ci ñoom jikko ak xalaatin yu jáppook li gëstu ja bi di feeñal ; lu waral gëstu ja bi ? Ngir moytu sóobu banxxaas yi fees ba noppo, jéema xàmmee wirgo ak njaay yi méngook ja bi ak bunti koom-koom yi am ëllég, gëstu ja bi : naka ? Ni mu gëna yombe maanaa seetlu, sukkandiku ci ay xibaar, laajte ak luñtu. Bu nu sukkandikoo ci xibaar yooyu yépp, di nanu mana jaay sunu ndefar ci kow leeral ñeenti ponk yii : ndefar mi, njëg gi, bérëb bi, siiwalin mi.

❖ Netteelu waxtaan wi «**wuti jiitu-defar yi ak defarin bi**» dafay leeral mbir yu am solo ci dund ak yëngatug këru koom-koom gi. Li muy gëna fésal mooy solo si wuti jiitu-ndefar yi am ci biir defarin bi : xam fooy jaar ba def njënd mu baax ak gëna baaxal wutum jiitu-ndefar yi.

Jéego yi defarin bi di jaar ak gëdda bi taar am ci defarin nekk nañu tamit lu waxtaan wi di faram-fäccee, naka noonu ci mbirum ndencu xaalis biy doxal liggeey bi.

❖ Waxtaan wi nu jagleel «**woññinu alal ak yorinu xaalis**», ci wàll wiwax ci **woññinu alal**, tomb yii lay leeral : woññinu alal mooy lan ak lan moo waral ak lan mooy njariñu woññinu alal ci këru koom-koom gu ndaw.

Di nanu fi waxtaan tamit ci xelëmb yu mel ne natteefu alal, woññinu mujjantalu liggeey ak yeneen fàmà woññin ak it ponki tâmbali tëral sa woññinu alal. Di nanu wone itam jéego yi ngay jaar ngir bind xibaari yëngatu yi ci téere woññinu alal yi.

Wàll wi nu jagleel **yorinu xaalis** dafay leeral fànn yuy tekki lu xoóot ci dundug yéngatug koom-koom guy yokk am-am. Am na ci ay fànn yu yombula mokkal, yu mel ne :

- **ngénneem xaalis ak njarte liggeey**
- **xayma njëgu diikk**
- **taxawal sa njëgu njaay.**

❖ Waxtaan wi mujj «**yorinu këru koom-koom gi**» dafay dellusiwaat di leeral lan mooy këru koom-koom ak boroom këru koom-koom ngir njàngaan yi gëna raññee cér ak warugaru boroom këru koom-koom gi. Danu ciy gëna fésal lan mooy mändarga ak jikkoy way-yéngatu koom-koom bu raññeku rawatina bu jigéen bi. Li nu ciy wone bii yoon dafay may njàngaan yi ñu am gis-gis bu gëna leer te gëna yaatu ci xelemb yooyu.

Ci biir waxtaan wii, jàngalekat bi ak njàngaan yi di nañu mana faram-faacce reeni jéll yi ëpp solo walla book yi nuy gëna farala gis ñuy daaneel këru koom-koom yu ndaw yi. Nu ngiy jeexale waxtaan wi ci ñaari tomb yii :

- **yorinu nit ñi ci biir këru koom-koom gu ndaw**
- **wut xaalis ngir sumb walla dooleel yéngatu jigén ñi ci wàllu koom-koom.**

Ci ni ñu bindoo, waxtaan wu ci nekk dees koy tàmbalee aw xët wuy tènk tomb yi ci ëpp maanaa : càkkuteef yi nuy yóotu ci jatay bi, ñaata waxtu la nu ko àppal, li waxtaan wi ëmb ak yenn fànn ci doxalinu njàngale mi. Bu loolu weesoo, jataay bi ci boppam danu koy jox jëmmu weccante xalat diggante jàngalekat bi ak njàngaan yi. Danu tann nak doxalin woowu ngir mana fésal bu baax ne njàng mi riisonte ak weccante la te jàngalekat bi warna ko doxal ànd ci ak xel mu ubbeeku te ñàkk jàddaaral. Man manu leeral fii ne naam doxalin njàngale mi nu ngi ko nas jagleel ko jigéen yi yéngatu ci koom-koom, moo tax sax nuy jéfandikoo baati jàngalekat bu jigéen ak njàngaan yu njigéen, wànte loolu lépp terewul ne manees naa jariñoo jumtukaayi njàngale mii jëmale ay góor moy way-yéngatu ci koom-koom bi walla jàngalekat bi.

Ci biir weccante xalaat woowu diggante jàngalekat bi ak njàngaan yi ndanu ciy dugal ay nataal, powum-géew, nettali ak ay masalan te yooyu yépp nekku ñu ludul ay tektal.

Koon, jàngalekat bi naam am na ci coobareem sañ-sañu fent tew-mi-teew, wànte nak fàww mu faydaal waajalum jataay bi ci mu ëmb ak ci pexey njàngale mi. Am na ci sax waxtaan yoo xam ne di nañu laaj jàngalekat bi dem defi ay gëstu lu jiit jataayu njàng mi ngir mana méngale njàng mi ak nekkinu njàngaan yi.